



Obsèvatwa Pou Pwoteksyon Ak Egalite (O P E)

Lokal : # 22 Bís, Rí, Dè Frè Iní, Chapantye, Okay/Ayiti

Tel : +50936644809

Email : obsevatwapouegaliteope@gmail.com

Facebook/Youtube : Obsèvatwa Pou Egalite www.opehaiti.org

Okay, 29 Jen 2024



Obsèvatwa Pou Pwoteksyon Ak Egalite (O P E) Kondane ak tout fòs zak kriminel kò lapolis UDMO Okay la fè bò 1 nè nan aprèmidi vandredi 28 Jen 2024 la, sou popilasyon Dèyèfò sou komin Okay, nan enpas Istrayèl kote, UDMO sa yo touye anba bal yon jenn fanm 34 lane, manman 3 pitit ki rele Estéfane Vilmont alyas fafane. Ak, blese nan ponyèt ak tete yon lòt jenn fanm 28 lane, manman yon pitit, ki rele Betty Louis.

2 moun yo viktim devan yon bak komès machann, yo te al achte, Estéfane se anba bak machann nan li antre pou te sove tèt li, se la li resevwa bal nan ponyèt ak andan kò li. Epi, li mouri menm kote a.

UDMO yo te louvi zam nan zòn nan pou te trake kèk jèn gason nan bank jwèt pokè ki touprè kote zak la fèt la, yo gen lontan y ap chache depoze lapat sou yo. Se nan okazyon sa 2 jenn fanm sa yo twouve lanmò yo.

O P E aprè analiz evenman sa, li repwoche polisye UDMO sa yo ki fè zak sa yo, mank pwofesyonalm nan kad travay yo ak non respè dwa alavi popilasyon an.

Sou baz sa, O P E mande:

- Pou direksyon lapolis Sid la pran anchaj 2 viktim yo osinon paran yo selon bezwen yo pou tout sa ki gen pou wè ak depans y ap fè akoz zak UDMO yo fè sou yo a.

- Pou viktim ak paran viktim yo pote plent kont UDMO sa yo ki te nan bakòp dozado nisann blan kite tire sou yo a.
- Pou direksyon polis nasyonal Sid la, depi kounye a, mete nan izolman polisye UDMO yo ki touye ak blese medam yo, jistan yo parèt devan jij yo.
- Pou dirijan yo pran bon jan mezi pou zak sa yo pa repete ankò nan depatman an.

Jean Claudy Aristil
Direktè